

**AVI POU REKOU KOLEKTIF, ANTANT POU
REGLEMAN KI PWPOZE, AK ODYANS POU WÈ SI
REGLEMAN AN JIS.**

**Rezon ki fè ou ap resevwa avi sa a, se paske ou te idantifye tèt ou
kòm yon aplikan ki pa blan ki te aplike pou yon pòs nan
Depatman Travo Piblik Vil Brockton 10 oktòb 2010 oswa apre
10 oktòb 2010 rive jiska 18 desanm 2019, epi ou te kapab jwenn
yon peman apati yon regleman ki pwopoze nan kad yon rekou
kolektif.**

Yon tribinal eta a te otorize avi sa a. Se pa yon demann yon avoka.

- Regleman ki pwopoze a pral bay yon fon ki se \$1,750,000. Yo pral peye Manm Gwoup Regleman ki kalifye yo yon pati ladan li opworata, mwens frè tribinal la apwouve yo.
- Pou ou kalifye pou resevwa yon endamnite, fòk ou pa blan epi fòk ou te aplike pou yon pòs nan Depatman Travo Piblik nan Vil Brockton nenpòt ki lè soti 10 oktòb 2010 rive 18 desanm 2019.
- Si ou se yon Manm Gwoup Regleman, dwa legal ou yo afekte kit ou fè aksyon kit ou pa fè aksyon. Li Avi sa a byen. Pou ou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Avoka Gwoup yo oswa Administratè Reklamasyon ki endike pi ba a, oswa ale sou www.rg2claims.com/BrocktonDPW oswa [http:// BrocktonDPWSettlement.com](http://BrocktonDPWSettlement.com).

Dwa Legal Ou yo nan Regleman sa a:	
Pou tout Aplikan soti 10 oktòb 2010 rive 18 desanm 2019.	Vil la te ban nou non tout moun ki te aplike nan Depatman Travo Piblik Brockton yo 10 oktòb 2010 ak 18 desanm 2019. Tout manm gwoup ki pa blan yo pral jwenn yon endamnite debaz nan kad regleman pwopoze sa a, san okenn aksyon bòkote pa ou.
Endamnite Debaz - Piske yo te idantifye ou dènyeman kòm yon moun ki pa blan-ou Kalifye pou yon Endamnite Debaz.	<p>Piske ou te idantifye tèt ou kòm yon moun ki pa blan nan aplikasyon ou an, ou se yon Manm Gwoup Regleman deja epi, ou pa oblije fè anyen pou ou resevwa yon peman debaz pou domaj-enterè ki baze sou diskriminasyon rasyal ou ka te sibi. Si yo apwouve regleman sa a, yo pral voye lajan an ba ou apati Gwoup Endamnite pou Domaj-Enterè yo pral kreye apati regleman ki pwopoze a.</p> <p>Si yo te idantifye ou pa erè kòm yon aplikan ki pa blan, epi an reyalyte ou se yon moun ki blan yo pa ta dwe te idantifye kòm yon moun ki "pa blan", tanpri fè nou konnen tousuit.</p>

Reklamasyon Anplis pou Domaj-Enterè Enimere a Mandè pou ou Soumèt yon Fòm Reklamasyon Enimere pou ou kalifye. Fòm.	Antanke yon Manm Gwoup Règleman an, ou gendwa kalifye pou ou resevwa nan Gwoup Endamnite Enimere a si ou soumèt yon Fòm Reklamasyon Enimere.
Fè Kòmantè oswa Konteste.	Ou ka ekri tribinal la konsènan pwendvi ou sou Regleman an oswa pou ou bay rezon ki fè ou pa panse Regleman an jis pou gwoup la.

- Yo eksplike dwa ak opsyon sa yo – **ak delè pou ou egzèse yo a** – nan avi sa a.
- Tribinal ki responsab pwosè sa a toujou gen pou li deside si pou li apwouve Regleman an. Yo pral fè peman yo sèlman si Tribinal la apwouve Regleman an epi apre yo fin rezoud nenpòt kontestasyon ak/oswa apèl.

1. **Objektif Avi Sa a**

Objektif avi sa a se pou enfòme ou sou (a) pwosè sa a, (b) Regleman an ak definisyon Gwoup Regleman Tribinal la te apwouve anvan an, epi (c) dwa ou genyen ki lye ak Regleman an ak yon odyans ki pral òganize devan Tribinal la 8 desanm 2020, pou wè si Regleman an ak afè ki an rapò yo jis, rezonab epi sifi. Avi sa a dekri tou etap ki nesèsè yo pou ou jwenn yon pati nan Fon Regleman an si Tribinal la apwouve Regleman an.

2. **Enfòmasyon Jeneral: Sou Pwosè a**

Plenyan Russell Lopes te depoze yon plent kont Vil Brockton. Plent lan di Depatman Travo Piblik ("Depatman Travo Piblik Brockton, Brockton DPW") pa t rekrite aplikan ki kalifye yo poutèt ras yo. Mesye Lopes te depoze plent sa a nan non tout aplikan ki pa blan ki kalifye ki te aplike pou yon pòs nan Brockton DPW. Nan lane 2017, mesye Lopes te tanmen pwosè sou reklamasyon endividyèl li yo kont Brockton DPW epi li te pwouve Brockton DPW te fè diskriminasyon kont aplikan ki pa blan yo pou pòs yo nan Brockton DPW. Jiri a te bay mesye Lopes \$1.2 milyon domaj-enterè pinitif, plis domaj-enterè anplis pou vanjans li di li te sibi.

Après, pati yo te prepare pou faz pwosè kolektif nan afè sa a: espesifikman, Plenyan Lopes te prepare pou li afime 89 aplikan ki pa blan nan Brockton DPW soti lane 2010 rive lane 2019 te sibi menm mòd ak pratik diskriminasyon rasyal la. Mesye Lopes te planifye pou li pwouve nan pwosè a avèk estatistik ak anekdot pandan sis (6) premye ane apre DPW (Depatman Travo Piblik) te fin refize mesye Lopes (sa vle di soti 2010 rive 2016), Brockton DPW t ap mete aplikan ki pa blan yo deyò nan rekritman an. Pandan sis (6) ane sa yo, li te prepare li pou li bay prèv ki montre Brockton DPW te rekrite sèlman 6% nan 59 aplikan ki pa blan yo, epi sa te kontinye, men li te yon ti jan diminye, rive jouk 18 desanm 2019. Sa vle di, plenyan an te planifye pou li pwouve avèk estatistik ak anekdot Brockton DPW t ap mete aplikan ki pa blan yo deyò nan rekritman an pandan tout peryòd la, menm si nan dènye jou yo Brockton DPW fè ti amelyore.

Vil Brockton te nye epi li kontinye nye tout akizasyon ak reklamasyon ki revandike nan pwosè mesye Lopes la, epi li refize admèt Manm Gwoup Regleman yo gen dwa pou yo jwenn yon reparasyon. Tribinal la pa t pran okenn desizyon epi li pa pral pran okenn desizyon sou byen fonde pwosè kolektif la epi li pa pral deside kiyès ki gen rezon ak kiyès ki pa gen rezon. Lè Vil Brockton patisipe nan regleman an, li pa admèt li fè anyen ki mal. Regleman an rezoud reklamasyon endamnite ki fèt pou zafè ras, koulè, peyi orijin oswa diskriminasyon gwoup etnik, tizonnay ak vanjans ak lòt kondisyon travay la, tankou reklamasyon yo pote oswa yo te ka pote nan pwosè a selon M.G.L. c. 151B oswa Tit VII nan Lwa 1964, 42 U.S.C. §§ 2000e, *et seq.*, and 42 U.S.C. § 1981 sou Dwa Sivil, ak lwa eta epi lwa lokal yo kont diskriminasyon.

Tribinal la te egzamine regleman an epi li te apwouve li anvan kòm yon regleman ki jis, sifi ak rezonab. Anvan Tribinal la pran desizyon pou li bay Regleman an apwobasyon final la, li te vle enfòm Gwoup Regleman an sou kondisyon jeneral Regleman an epi sou dwa Manm Gwoup Regleman yo genyen pou yo fè kòmante sou Regleman an.

3. Definisyon Gwoup Regleman an

Ou se yon manm Gwoup Regleman an Regleman an konsènsi si ou reponn ak definisyon sa a:

Tout aplikan ki kalifye ki pa blan ki te aplike pou yon pòs nan Brockton DPW ant 10 oktòb 2010 ak 18 desanm 2019.

Si ou te resevwa avi sa a nan yon kourye yo voye nan adrès ou, epi dosye yo montre ou se Manm Gwoup Regleman an ki kalifye, *sa* vle di ou reponn ak definisyon ki pi wo a. Si se sa, ou gen opsyon ou ka itilize ak dwa legal ou ka egzèse anvan Tribinal la apwouve Regleman an.

4. Rezime Kondisyon Regleman yo

Vil Brockton te dakò pou li kreye yon Fon Regleman ki se yon montan total \$1,750,000. Li gen ladan li kòb pou peye Manm Gwoup Regleman yo, Endamnite pou Frè ak Onorè pou Avoka Gwoup yo, taks yo (ki gen ladan pati taks oswa kontribisyon patwon an tankou taks federal oswa taks eta sou alokasyon chomaj, FICA, FUTA, SUTA ak Medicare) ak frè administrasyon Fon Regleman an, ki gen ladan frè pou avèti Gwoup Regleman an.

5. Fason Pou Aji: Opsyon Ou Yo

Ou genyen twa (3) opsyon. Nan faz sa a, ou dwe deside si ou vle: (A) pa fè anyen epi resevwa yon endamnite nan Gwoup Endamnite pou Diskriminasyon Rasyal la; B) soumèt fòm reklamasyon enimerè ou te resevwa avèk avi sa a epi kite ajan reklamasyon an detèmine si ou kalifye pou yon endamnite anplis nan gwoup endamnite domaj-entèrè enimerè a; oswa (C) konteste Regleman an.

Opsyon A: Resevwa yon Endamnite Opworata nan Gwoup Endamnite pou Diskriminasyon Rasyal la

Ou pa oblije fè anyen pou ou patisipe nan regleman sa a. Si ou te resevwa avi sa a, yo konsidere ou se yon manm Gwoup Regleman an epi ou pral resevwa yon endamnite nan Gwoup Endamnite pou Diskriminasyon Rasyal la si Tribinal la bay Regleman an apwobasyon final.

Si yo te idantifye ou pa erè kòm yon aplikan ki pa blan, epi an reyalye ou se yon moun ki blan yo pa ta dwe te idantifye kòm yon moun ki "pa blan", tanpri fè nou konnen tousuit, yon fason pou yo ka retire non ou nan Gwoup Regleman an.

Opsyon B: Resevwa yon Endamnite nan Gwoup Endamnite Domaj-Enterè Enimere a

Si ou kwè ou kalifye pou jwenn yon endamnite anplis nan Gwoup Endamnite Domaj-Enterè Enimere a, ou pral oblije soumèt Fòm Reklamasyon Enimere a ki mande yon pati nan gwoup endamnite sa a. Pou kalifye pou ou resevwa yon pati nan Fon Regleman an, ou dwe ranpli yon fòm reklamasyon, siyen li epi soumèt li bay Administratè Reklamasyon an anvan 27 oktòb 2020.

Opsyon C: Konteste Regleman an

Tribinal la dwe evalye si Regleman yo bay Gwoup la jis ak rezonab. Manm Gwoup Regleman yo ka konteste Regleman an, kit yo soumèt yon Fòm Reklamasyon.

Pou ou ka fè Tribinal la konsidere kontestasyon ou an oswa pou ou ka pale nan Odyans pou Apwobasyon Final la, ou dwe soumèt bay Tribinal la yon kòmantè alekri oswa kontestasyon kont Regleman an. Kontestasyon yo dwe fèt alekri, yo dwe siyen anba sanksyon pou fo temwayaj, yo dwe depoze yo nan Tribinal la, epi yo dwe gen ladan yo:

1. Non, adrès, nimewo telefòn moun ki konteste a ak enfòmasyon pou kontakte nenpòt avoka moun ki konteste a kenbe nan kad kontestasyon an oswa nan kad Pwosè a yon lòt manyè;
2. Adrès ak kalite etablisman kote moun ki konteste a te aplike pou travay la ak/oswa kote li te travay pou Vil Brockton, pòs la ak dat travay yo;
3. Yon deklarasyon detaye sou motif reyèl ak motif jiridik pou chak kontestasyon, tankou rezon ki fè moun ki konteste a te chwazi konteste;
4. Yon deklarasyon pou di si moun ki konteste a gen entansyon konparèt nan Odyans pou Apwobasyon Final la, kit se fas-a-fas kit se atravè avoka, epi, si se atravè avoka, idantifye avoka a ak non li, adrès li epi nimewo telefòn li;
5. Yon deklarasyon ki di moun ki konteste a se yon Manm Gwoup la epi yo pa mete li

deyò nan Regleman an, ansanm ak yon kopi Fòm Reklamasyon moun ki konteste a, si li genyen;

6. Yon lis ki gen temwen moun ki konteste a ka rele nan Odyans pou Apwobasyon Final la, si li genyen, ansanm ak yon rezime kout pou temwayaj chak temwen;
7. Yon lis ak kopi nenpòt dokiman moun ki konteste a ka chèche itilize nan Odyans pou Apwobasyon Final la; ak
8. Yon lis nenpòt otorite legal moun ki konteste a ka prezante nan Odyans pou Apwobasyon Final la.

Yo dwe depoze kontestasyon yo epi mete tenm lapòs sou yo anvan 12 oktòb 2020. Yon avoka apa pa oblije reprezante ou pou ou konteste Regleman an.

6. Otorizasyon

Si Tribinal la bay Regleman an apwobasyon final, tout Manm Gwoup Regleman yo pral retire sou do Depatman Travo Piblik Brockton tout reklamasyon pou diskriminasyon rasyal, tizonnay, vanjans pandan rekritman soti 10 oktòb 2010 rive 18 desanm 2019.

7. Kijan Yo Pral Kalkile Endamnite Mwen an?

Chak Manm Gwoup Regleman an kalifye pou yon pati opworata nan Gwoup Endamnite pou Diskriminasyon Rasyal la. Selon estimasyon yo, onorè avoka a, ansanm ak frè administratif regleman an ap depase 33% nan \$1,750,000 si Tribinal la apwouve regleman an. Avoka Gwoup yo pral detèmine pati opworata yo selon faktè sa yo (1) kantite fwa yon aplikan te aplike, (2) si yo te rekrute yon aplikan ki pa blan nan pòs la nan plas yon Manm Gwoup Regleman an, epi (3) ki ane Manm Gwoup Regleman an te aplike. Yo kapab nonmen lòt Manm Gwoup Regleman yo anvan Tribinal la egzamine epi, si sa apwopriye, apwouve regleman an.

8. Èske Gen Konsekans Fiskal Pou Nenpòt Kòb Mwen Ka Jwenn?

Wi, nenpòt endamnite ou resevwa nan Fon Regleman an pral genyen konsekans fiskal pou ou. Administratè Reklamasyon an pral responsab pou li kenbe, remèt, ak deklare pati taks sou pewòl chak Manm Gwoup Regleman an yo kenbe nan Fon Regleman an. Avoka Gwoup yo pa konseye fiskal. Yo pa kapab ba ou konsèy sou okenn zafè taks. Avoka Gwoup yo ankouraje ou pale ak konseye fiskal ou pou jwenn repons pou nenpòt kesyon ou ka genyen sou enplikasyon fiskal nenpòt endamnite.

9. Avoka ki Reprezante Ou Yo Ak Gwoup La

Antanke yon Manm Gwoup Regleman an, se Avoka Gwoup yo ki reprezante ou nan litij sa a, Elizabeth A. Rodgers ak Philip J Gordon ki soti nan kabinè avoka Gordon Law Group, LLP:

Mèt Elizabeth A. Rodgers.
Mèt Philip J. Gordon.
Gordon Law Group, LLP
585 Boylston Street
Boston, MA 02116
(617) 536-1800
erodgers@gordonllp.com
pgordon@gordonllp.com

Sof si ou chwazi pran pwòp avoka pa ou ak kòb nan pòch ou, se Avoka Gwoup yo ki pral kontinye reprezante ou nan kad enplemantasyon Regleman an san ou pa peye anyen.

Kijan Yo Pral Peye Avoka Yo?

Avoka Gwoup yo te pousoiv reklamasyon yo nan non mesye Lopes ak Gwoup Regleman an san yo pa resevwa okenn kòb pou sèvis yo rann oswa ranbousman pou depans yo te fè ki lye ak litij la. Si ou se yon Manm Gwoup Regleman an epi ou resevwa yon endamnite nan Fon Regleman an, ou pa pral dwe avoka ki te reprezante ou yo nan kad Gwoup Regleman an okenn onorè oswa frè. Avoka Gwoup yo pral mande Tribinal la ba yo onorè ki pa plis pase yon tyè (1/3) nan Fon Regleman an, plis ranbousman depans rezonab yo fè ki lye ak litij la. Tribinal la pral deside ki kantite pou li bay Avoka Gwoup yo pou onorè yo ak depans yo fè. Se nan Fon Regleman an li pral peye li.

10. Odyans pou Apwobasyon Final la

Odyans pou Apwobasyon Final sou Regleman an pral fèt a 2:00 PM jou ki ap 8 desanm 2020 nan Tribinal Siperyè Brockton lan. Pandan odyans sa a, Tribinal la pral detèmine si Regleman ki pwopoze a jis, rezonab epi sifi epi si li ta dwe apwouve li. Tribinal la pral konsidere montan onorè pou li bay Avoka Gwoup yo epi konsidere si, selon Regleman an, yo ta dwe rann yon òdonans ak yon jijman ki pou mete yon fen nan pwosè a.

Èske Mwen Oblije Vini Nan Odyans pou Apwobasyon Final la?

Non. Ou pa oblije vini nan odyans lan, men ou ka depanse kòb nan pòch ou pou vini. Avoka Gwoup yo pral konparèt nan Odyans pou Apwobasyon Final la nan non tout Manm Gwoup Regleman yo, san ou pa peye anyen. Si ou depoze yon kontestasyon, ou pa oblije vini nan Tribinal la pou ou pale sou li. Depi ou pa t chwazi retire kò ou epi ou te depoze kontestasyon alekri ou an alè, Tribinal la pral konsidere li. Ou ka peye pwòp avoka pa ou tou pou li la, men sa pa nesesè. Si Tribinal la bay Regleman sa a apwobasyon final, jijman Tribinal la pral definitiv epi obligatwa pou tout Manm Gwoup Regleman ki pa t gentan retire kò yo alè.

11. Fason pou Jwenn Plis Enfòmasyon

Si ou genyen plis kesyon, ou kapab jwenn èd gratis nan www.rg2claims.com/BrocktonDPW oswa lè ou rele administratè reklamasyon an nan 1-866-742-4955 oswa lè ou rele Avoka Gwoup yo nan nimewo ki endike nan Paragraf 9 la.

Avi sa a genyen sèlman yon rezime kondisyon Regleman an. Pou ou jwenn plis enfòmasyon, tout kondisyon ki nan Antant pou Regleman an ak anpil lòt dokiman ki lye ak Regleman an disponib pou gade ak/oswa telechaje swa nan www.rg2claims.com/BrocktonDPW oswa [http:// BrocktonDPWSettlement.com](http://BrocktonDPWSettlement.com).

Yon lòt fwa, delè enpòtan yo se:

Dènje Jou Pou Konteste Regleman An: 12 oktòb 2020

Dènje Jou Pou Depoze yon Fòm Reklamasyon Enimere: 27 oktòb 2020

Odyans pou Apwobasyon Final la: 8 desanm 2020